Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 37 (9948) 22 сентябрь 2023 с. / Рузман 7 РабигIул-Аввал 1445 с./ redakciya-chapar@

*15 сентябрь-Дагъистаналъул халкъ цолъиялъул Къо!*

## Халкъалъул къуват цолъиялъулъ буго

***Цо нухалда гуреб, чанго нухалда бихьизабуна Дагъистаналъул халкъалъ цолъиялъул къуват. КинавгIаги гучав тушманасда кIвечIо нилъер халкъ мутIигI гьабизеги миллатазул гьудуллъи биххизабизеги. Тарихалдасаги гьанжесеб гIумруялдасаги нилъеда гьелъие гIемерал мисалал лъала. Гьаб байрамги, 1741 абилеб соналда «дунялалъего хIинкъи кьолев» Ираналъул шагь Надирида тIад Дагъистаналъул киналниги миллатазул цолъараб аскаралъ бергьенлъи босиялъул хIужа кьочIоеги босун, лъазабураб буго. Цолъиялъулъ руго гучги къуватги.***

***ГIемермиллатазул улка буго Дагъистан. КIудияв шагIир Расулица «Дир Дагъистан» абураб машгьураб тIехьалда хъвалеб буго Дагъистаналъул халкъ къватIисел тушбабазде данде бахъаниги, миллат миллаталде, мадугьал мадугьаласде данде киданиги инчIилан.***

***Жакъаги гIумру цебетIезабиялъе, умумузул лъикIал гIамал цIуниялъе ва ВатIаналъул борч тIубалел васазул рахъкквеялъе гьеб цIакъго хIажат буго.***

ТIолго республикаялдаго гIадин, нилъер районалдаги гIатIидго кIодо гьабуна Дагъистаналъул халкъ цолъиялъул Къо. Гьелда хурхун, районалъул культураялъул Централда лъималазе, *«Дружбой един мой Дагестан»* абураб цIаралда гъоркь ва культураялъул хIал-



тIухъабазул хIаракаталда, районалъул администрациялъ рахъккураб, гвангъараб байрам тIобитIана.

Тадбир бачунел ЦТКНРалъул специалист Рисалат Сурхаевалъ ва гьитIинай Рукъият ЛатIиповалъ байрамалъул кIваралъул ва гIолеб гIелалъе гьелъул бугеб пайдаялъул бицана. Балагьаразе асар гьабулеллъун рукIана жалго лъималазул цересрахъинал. *«Къункъра»* ва *«КенчIеро»* лъималазул ахазул гьитIичаз, лицеялъул, Дилим, Гуни росабазул гимназиябазул цIалдохъабаз гьенир кучIдул ахIана, батIи-батIиял миллатазул халкъиял кьурдаби гьаруна ва умумузул гIумруялдаса гьитIинал сценкаби рихьизаруна, Написат ГIабдулмуслимовалъ Расул ХIамзатовасул *«Улбул цIуне»* поэмаялдаса кесекги рикIкIана.

Ахиралда, лъималаз *«гьудуллъиялъул гьотIода»* жидерго гIисинал хъатазул суратазда тIанхал рекъезариялдалъун, цолъиялъул кIвар бихьизабуна.

Гьединалго тадбирал тIоритIана цогидал росабалги. Лъайкьеялъул управлениялъ Ленинаул росдал №3 гьоркьохъеб школалда районалъулго цIалдохъабазе байрамалъулаб тадбир тIобитIана. Гьенир данделъун рукIана нилъер районалъул аслияб кIиго миллаталъул вакилзаби: магIарулал ва чачанал. Гьез, цоцазда хьибил цун, гIумру гьабулеб бугелдаса ункъогоялдасаги цIикIкIун сон буго. Гьезул гIемерал соназулаб гьудуллъиялъги цебехун рехсараб Расулил пикруялъул ритIухълъиялъе нугIлъи гьабула.

Гьеб тадбиралъулъ гIахьаллъана лъайкьеялъул управлениялъул начальникасул заместитель Анарпаша Гьайирбеков, районалъул *«Чапар»* газеталъул бетIерав редактор Икрамудин Салимханов, Ленинаулалдаса СВОялъул гIахьалчи Тимур ГIумархIажиев ва школазул цIалдохъабигун мугIалимал. КIалъазе рахъараз, баркиялъул рагIабазда хадуб, миллатазда гьоркьоб щулияб гьудуллъи букIине ккеялда, халкъалъул тарих, гIадат-гIамал цIуниялда тIадчIей гьабуна. Гьединаб щулалъи биххизе кинавгIаги тушманасда кIвезе гьечIоянги абуна.

Байрам берцин гьабун букIана батIи-батIиял миллатазул партал ретIарал цIалдохъабазул цересрахъиназ.

ТIадеги кIвар цIикIкIараб куцалда, гьеб байрам кIодо гьабураб данделъи ана Дубки поселокалдаги. Гьенир цIалдохъабаз гуронги, гIадатиял гIадамазги гIахьаллъи гьабуна. Поселокалъул бетIер ГIайнудин Абакаровас, баркиялда хадуб, гьеб байрамалъул магIна ва тарих баян гьабуна. Байрамалъул гIахьалчагIаз миллияб квен-тIехалдалъун ва парталаздалъун балагьаразда бахIарчиял умумузул гIумруялъул цо рахъ цебечIезабуна.

Бищунго байрам ракIалда чIезабулеб лахIзатлъун гьениб СВОялъул гIахьалчиясул эбел ХIапизат Дадаева кIодо гьайи ккана. ГI. Абакаровас гьелъие Баркалаялъул кагъатгун сайигъат кьуна.

***Динара Батиева***

*Инсан ва гIумру*

## Нилъер ракьцоясул церетIеял

Нилъеда лъала районалдаса гIадамазул гIезегIанаб къадар район тун къватIибехун хIалтIулеб букIинги гьелда гьоркьор ругезул гIезегIанал церетIеял рукIинги.



Гьединазулъ хасаб бакI СВОялъул гIахьалчагIаз кколеб букIин лъаларев чиги нилъеда гьоркьов ватиларо,амма гьаниб жакъа бицен гьабизе бокьун буго гьезул гуреб, цогидал ишазда ругезул церетIеязул цебесеб кьерда вугев Дилим росулъа ГIусман Садудинович АхIмадовасул хIакъалъулъ.

ГIусман гьавуна 1984 соналъ Дилим росулъ. Узухъда, цогидазго гIадин, гьесги росдал школа лъугIизабуна ва гьев ДГУялъул тарихалъул факультеталде лъугьана. 2006 соналъ гьеб лъугIизабурав гьев *«Албар»* ОООялда бригадирлъун хIалтIизе лъугьана. Гьенив хIалтIулев ГIусманида бичIчIана лъай борхизабизе кколеблъи ва гьев Дагъистаналъул пачалихъиябгун техническияб университеталъул промышленниялгун гражданиял бакIалраялъул факультеталде лъугьана. 2010-2014 соназ ГIусман МахIачхъалаялъул *«Мега-Строй»* ЖСКалъул кооперативалда председателасул заместительлъун хIалтIана.

Гьелдаса хадув гьев (2014-2018 сс.) Ханты-Мансийск шагьаралъул *«АКСтрой Капитал»* ОООялъул бакIалралеб участокалъул начальниклъун хIалтIана.

2018 соналда ГIусман, конкурсалъул хIасилалда, РДялъул бакIалраялъулгун ЖККХялъул министерствоялъул коммуналияб инфраструктура цебетIезабиялъул управлениялъул отделалъул начальниклъун тIамуна. Гьал къояз ГI. АхIмадов гьебго управлениялъул начальниклъун тана.

Районалъе нухмалъулез, районцоязракI-ракIалъ баркула ГIусманида гьеб тIадегIанаб хъулухъалде тIами, гьарулеб буго гьесие щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел ишазуль битIккей.

## СВОялъул гIахьалчагIигун дандчIвай

Районалда гьоркьор къотIулел гьечIо Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулезе, гьезулгун дора гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабазе кумек гьабиялъул тадбирал тIоритIи.

Гьел тIурай, администрациялъул хIалтIухъабаздаса байбихьун ва волонтёразул штабалде гIунтIун, районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевас тIалабги гьабулеб буго.

Гьедин, гьал къояз районалъул культураялъул Централда, *«Нилъергоял рехон толаро»* абураб цIаралда гъоркь, районалъул росабалъа СВОялда гIахьаллъулелгун дандчIвай тIобитIана.



Гьенир, гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ заместитель Басир Нуцаловги, кумекчи ГIабдулмутIали ЖабрагIиловги, ЖамгIияб палаталъул председатель ХIажи Адимирзаевги, рагъулгун захIматалъул ветеранaзул Советалъул председатель Хункарби МухIамадхIабибовги.

Гьениб бакIалъул хIакимзабазулги жамгIиял хIаракатчагIазулги СВОялъул гIахьалчагIигун гIезегIан пайдаяб хабар ккана.

Тадбиралъул ахиралда СВОялъул гIахьалчагIаз данделъиялда гIахьаллъаразул суалазе жавабал кьуна.

***«Салатавия» сетальулаб издание***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 КидалъизегIан гьадин букIине бугеб?

гьум. 3 Решение

гьум. 4 Осторожно: мошенники

# КидалъизегIан гьадин букIине бугеб?

БитIараб бицани, дида хъванги чIалгIана, газета цIалулезда цIалунги чIалгIун батила ахирияб заманалда тIоритIулел районалъул активалъулгун аппараталъул данделъабазда, жавабиял хIалтIухъабаздаса байбихьун ва мухъилал гIадамазде гIунтIун, батIи-батIиял налогал кьунгутIиялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъикъат.

Цогидалъул бициналде цебе, гьаниб суал баккичIого рес гьечIо *«КидалъизегIан гьадин букIине бугеб?»*-ан.ТIадкъаял тIураялда, налъаби кьеялда сверухъ гIадамазда гьоркьор рукIунелги ругелги биценал лъаларел нилъеда гьоркьор ратиларо, амма кин бугеб батаниги, тIаде босарабги тIад лъурабги тIурачIого, кида-къадги рорчIулареблъи бичIчIинеги некIого заман щун буго

Узухъда, тIадехун рехсараб тIубазе кколезул мухъилъ дунги вуго, амма дица хIаракат бахъула кинал рукIаниги налъаби заманалда кьезе. Нилъеда лъала газ,ток, чIезариялъухъ, лъим букIиналъухъ, рищни-къул бакIариялъухъ ва цогидалги нилъее гьарурал хъулухъазухъ гIарац кьезе кколеблъи, амма…

Гьарурал хъулухъазухъ гIарац, налогал кьеялъулъ цогидал бакIазда бугеб ахIвал-хIал, гьай-гьай, дида лъаларо, амма нижер Калининаул росулъ бугелдаса батIияблъун гьеб, тамаша, батани.

Дагьал церегIан къояз ЖКХялъ гьарурал хъулухъазухъ гIарац кьезе индал гьенир хIалтIулезулгун ккараб гара- чIвариялда гьез бицана: *«Дудаго лъалеб батила газ, ток, лъим чIезари, рищни-къул нахъе боси, нухал ва цогидал бакIал къачIай цодагьалъ нахъе ккани, администрациялде гIарзалъ гIемерал гIадамал щолеблъи. Цогидал рахъазул бицине ниж лъугьинаро, ЖКХялъул хъулухъазда тIасан гIарзал гьарулелги камун рукIунаро. Хал гьабураб заманалда, гьезда гьоркьор моцIазгун лъагIелаз нижеца гьарулел хъулухъазухъ гIарац кьечIел рукIуна. Гьелъул бицеунал нижеца гьаруни, гьез абула:* ***«КьечIогунищ гьеб хутIулеб?»****-ан ва нахъе уна. Гьез кинго гIадахъ босулеб гьечIо лъим чIезабизеги рищни-къул нахъе босизеги гIарац хIажалъулеблъи, щай абуни, гьезда тIад хIалтIи чIобого лъицаниги гьабулареб букIун. Киназдаго лъала, халатккун, чвахун цIадал раялъулги цогидал тIабигIиял лъугьа-бахъиназулги хIасилазда, лъел мухъал, нухал ва цогидалги бакIал цIигьариялда тIад хIалтIизе кколебльи ва гьезие гIарцул сурсатал хIажалъулеллъи.*

*Гьелда тIадеги, НДФЛ тIаса бахъи кIиго нухалда гьабун буго, амма хал гьабураб заманалда цIикIкIун кьураб гьеб районалъул бюджеталде бачIун гьечIо.*

*Гьеб гьаламI, финансазул управлениеги гIахьаллъун ва ведомствабазул*




*Гьаб заманалда бугеб гIадинаб ахIвал-хIал рехсаралъулъ бугони, гьел суалазда сверухъ бицунелъе ахир букIиналда щаклъизе бачIуна»,*-ян.

**Гьелде тIаде цоги щиб жубалеб?**

14 сентябралда, налогалгун гьел гурел хайирал районалъул цолъизабураб бюджеталде рачIинариялда хурхун, тIобитIана гьеб суалалда тIад хIалтIиялъе гIуцIараб хасаб комиссиялъул данделъи.

Районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда, цоги нухалда тIадруссун, бицен ккана рехсараб суалалда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ.

Хайиралъул бутIаялъулъ, «бахчуда» бугеб экономика законалде данде кколеб къагIидаялде бачиналъулъ бугеб ахIвал-хIалалъул гьениб бицен гьабуна экономикаялъулгун социалияб рахъал цебетIезабиялъул отделалъул начальник Юсуп Агиевас.

Гьес бицана: *«Араб сональул гьабго заманалде дандеккун, налогалгун гьел гурел хайирал районалъул бюджеталде рачIинари къадаралльун руго. Гьедин рукIиналъе гIиллалабазул цоябльун налогазул хъулухъалъ хIисаб гьабиялдаги кьураб гIарцул къадаралдаги гьоркьоб ккараб дандеккунгутIи рикIкIунеб буго, ва, гьелъул хIасилалда, налогазул, гIезегIанаб гIарцул къадар организациябазул цогояв счётазда хутIулеб буго.*

*бухгалтериябазул документациялъул халги гьабун, рукIалиде ккезабуна.*

*Гьедин гьабиялъул хIасилалда, гьаб соналъул 8 моцIул план 111 проценталъ тIубазабуна. ГСМалъул акцизал рачIинариялъулъги, госпошлина кьеялъулъги ва налогал гурел хайирал ракIариялъулъги церетIеял руго, амма буголъиялъулгун ракьул налогал ракIариялъулъ нахъеккейги буго.*

*«Бахчуда» бугеб экономика къватIибе бахъиялда сверухъги хIалтIи гьабулеб буго. Нижеца хал гьабураб 341 объекталъул 71 объект ФНСалда хъвай-хъвай гьабичIого хIалтIулеб батана, 50 предпринимателазул халкквеялъулгун кассовиял аппаратал гьечIоан. Гьелда хурхун, ОМВДялъул участковиял уполномоченниял 306 протоколал хъванги гьезул цо-цоял прокуратурялде кьунги руго.*

*Гьединго, формалиябльун гуреб хIалтIудалъун хьезари къватIибе бахъи мурадалда, рейдал тIоритIун руго. Гьедин гьабиялъул хIасилалда, 301 чи тIатинавун вуго, ва гьезул 297 чи хъвай-хъваялъулъе ккезарун руго»,*-ян.

Гьес бицаралда тIасан кIалъаялда ХI. Мусаевас абуна: *«Нилъеда цере чIарал масъалабазде жавабчилъиялъулаб бербалагьи букIинаби. Районалъул цолъизабураб бюджеталде рачIунел гIарцул сурсатал лъайкьеялъул гIуцIабазул материалияб-гун техническияб базалъикIлъизабиялъе ва республикаялъул цо-цо программаби тIуразариялъе хIалтIизарулел рукIин бичIчIинабизе ккола»,*-ян.

Налогал рачIинариялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул гьениб бицана налогазул пачалихъияв бетIерав инспектор Сулайман ХIажиевасги РФялъул ФНСалъул №17 районаздагьоркьосеб инспекциялъул камералияб отделалъул начальник Камиль ХIажиевасги.

Счётаздаса средстваби рахъиялъулъ бугеб ахIвал-хIалалъул бицен гьениб гьабуна финансазул управлениялъул бетIерай специалист Эльвира Пумаровалъ. Гьеб суалалда хурхун, кинаб букIаниги бичIчIенкьей гьечIолъиялде балагьун, судалде документал кьезе ккеялъул рахъ районалъул бетIерасги ккуна.

Ракьул участкабазда, капиталиял объектал раялда сверухъ гьабураб хIалтIул гьениб бицана муниципалияб буголъиялъул, пачалихъияб бичун босиялъул ва проектазул управлениялъул начальник Мансур Эмеевас.

Гьес абуна: *«Районалда 13545 ракьул участокалги ва 10506 капиталиял бакIалраялъул объектални руго. Хал гьабиялъул хIасилалда, ракьул законодательство хвезабиялда хурхун, 46 лъазаби гьабуна, гьезул 11-яб, кколеб къагIидаялда ракь хIалтIизабун гьечIолъиялда хурхараб буго. Гьединго, чIахIиял росабалъ (Ленинаул, Дилим) гьабулеб хIалтIи гучIлъизабизе ккола»,*-ян.

ТIадал налъаби, налогал кьеялда сверухъ районалда бугеб ахIвал-хIалалъул гьениб РДялъул УФССПялъул начальник МухIамад Маматовасги бицана. Гьесги гьенир рехсана хал гьабулеб суалалъулъ ругел гIунгутIабиги гьел тIагIинариялда тIад гьабурабгун гьабулеб хIалтIиги.

Данделъиялда кIалъарав районалъул прокурорасул ишал тIуралев СагIид МугIадовас гьениб тIадчIей гьабуна бюджеталда, къотIи-къаязда хурхарал суалал прокуратуралъул халкквеялда рукIине ругелъиялдаги, МахIачхъалаялъул АЗСалда ккараб лъугьа-бахъин такрарлъунгутIи мурадалда, районалда ругел АЗСазул халгьабизе букIиналдаги.

Данделъи ахиралде щвана ХI. Мусаевас жавабиял хIалтIухъабазе тIадкъаял кьеялдалъун.

---

# КIвар цIикIкIарал суалазул хал гьабуна

19 сентябралда, жамгIиял гIуцIабазул (ЖамгIияб палата, харабазул, рагъулгун захIматалъул советал, гIолилазул парламент) хIаракаталдалъун, районалъул библиотекаялъул цIалдолезул залалда тIобитIараб «гургинаб» столалда гIахьаллъана МР «Казбековский район» гIуцIиялъул бетIер ХI. ХI. Мусаев, администрациялъул жавабиял хIалтIухъаби, росабазул бутIрул, массовияб информациялъул вакилзаби ва цогидалги.

Нилъеда лъала ахирияв соназ басриял объектазе,нухазе капиталиял ремонтал гьарулел, цIиял ралел, нухазда хъил тIолеб ва цогидалги кIвар цIикIкIарал, гIадамазе пайда кьолел хIалтIаби гьарулел рукIин.

Гьел киналниги хIалтIабазда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул гьениб бицана архитектуралъулгун бакIалраялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралев ГIалимпаша Абуевас.

Гьес абуна: *«ГьабсагIаталда районалъул 27 объектазда тIад хIалтIи гьабулеб буго, гьезул цо бутIаялда гьарулел хIалтIаби ходусеб соналъулъе уна. Гьел объектазда гьоркьор руго капиталиял ремонталги цIи ралелги лъайкьеялъул (Ленинаул, Калининаул, Гертма, Дубки, Гьоэтала), сахлъицIуниялъул (ЦРБ, поликлиника, Дубкиялъул участковияб больница, Хубар росдал ФАП) гIуцIаби.*

*Гьединго, росабазул къватIал, жамгIиял бакIал, спортивиял объектал къачIаялдагун цIиралда тIадги хIалтIулел руго»,*-ян.

Гьеб тадбиралъул гIахьалчагIаз кIудияб кIвар буссинабун букIана «Ишахи»

матги кьун, тIадчIей гьабуна гьел хIалтIаби районалда гьариялъе кквербакъаралъун РДялъул бетIер Сергей Меликов, хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов ва нилъер районалъе




участокалдаса районалъул росабалъе лъим бачиналдеги «Дилим-ИчIкIа», «Дилим-ИмангIали росу» шагьранухал къачIаялдеги. Гьенир тIоритIулел хIалтIабазда хурхарал видеороликал рихьизарун хадусан кIалъазе рахъарал жамгIияб палатаялъулгун харабазул советазул председателал ХIажи Адимирзаевасги Сайрудин НургIалиевасги, киналниги гьарулел хIалтIабазе гьоркьохъеб къи-

нухмалъулев ХIажимурад Мусаев кколел рукIиналда.

*«Гьаб заманалда гьарулел гIадинал хIалтIаби цересел соназ районалда киданиги гьарун рукIунчIо.ХIажат буго гьарулел киналниги ишазул хIакъикъат массовияб информациялъул алатаздасан гIадамазухъе щвезабизе»,*-ян абулеб букIана кIалъазе рахъараз.

Транспортгун хьвадулезда лъала Дилималде рачIунеб шагьранухда кинаб ахIвал-хIал бугебали. Гьелда хурхун, №15 ДЭПялъул начальник АхIмад Пумаровас абуна: *«Нижеда лъала гьеб нухда бугеб ахIвал-хIал. Гьениб капиталияб ремонт гьабизе буго «Дилим-ИчIкIа» ва «Дилим-ИмангIали росу» нухазда хъил тIей лъугIарабго»,*-ян.

КIалъазе рахъаралщиназул кIалъаязда хурхарал кIалъаял гьенир ХI. Мусаевасги гьаруна.

Тадбиралъул ахиралда гьес абуна: *«РакI-ракIалъулаб баркала буго нужее районалъул администрациялъ гьабураб ва гьабулеб хIалтIуе лъикIаб къимат кьуралъухъ. Нужеда лъала цересел соназ киданиги районалда тIоритIичIел хIалтIаби гьарулел рукIин ва гьел гьариялъе хIукуматалъ гIезегIанаб къадар гIарцул биччалеб букIин.*

*Цогидалъул дица бицинаро, цого «Ишахи» участокалдасалъим бачиналъе хIажалъулеб буго 800 млн. цIикIкIараб гIарцул къадар. Дун разияв вуго заманалда гьадинал тадбирал тIоритIизе ккколин абуралдаги.*

*Гьез рес кьезе буго кIвар цIикIкIарал суалал бетIералде рахъинариялда тIад, цадахъ рекъон, хIалтIизе ва цере чIарал масъалаби тIураялъе нухал ратизе»,*-ян.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

# РЕШЕНИЕ

18 сентября 2023 №4/19

пос. Дубки

**"О проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы МО ГП «пос. Дубки» "**

В соответствии с пунктом 19 главы 3 Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы городского поселения *«пос. Дубки»* Казбековского района, утвержденного решением Собрания депутатов городского поселения от 06.04.2018 №3/15 (далее - Положение), Собрание депутатов

**РЕШИЛО:**

1. Объявить конкурс по отбору кандидатов на замещение должности главы горского поселения *«пос. Дубки»* на рассмотрение собрания депутатов

2. Установить дату проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы городского поселения *«пос. Дубки»- «26»* октября 2023 года.

Конкурс провести в здании администрации городского поселения *«пос. Дубки»*.

Время начала конкурса - 10:00 ч.

3. Конкурс проводится в соответствии, с условиями, определенными Положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы городского поселения *«пос. Дубки»* (прилагается).

4. Определить срок приема документов для участия в конкурсе с 25.09.2023г. по 17.10. 2023г.

5. Определить место приема документов - здание администрации МО ГП *«пос. Дубки»* в рабочие дни.

6. Назначить следующих членов конкурсной комиссии (половина состава):

1) Магомедова Шахшабега Мирзаевича

2) Атаева Артура Хасановича

3) Абдулаева Эльдара Нурмагомедовича

7. Направить настоящее решение Главе Муниципального района «Казбековский район» для назначения второй половины состава конкурсной комиссии.

8. Настоящее решение опубликовать в районной газете *«Чапар»* и разместить в Сети интернет на официальном сайте администрации МО ГП *«пос. Дубки»*.

***Э.Н Абдулаев,***
***председатель Собрания депутатов МО ГП «пос. Дубки»***

Приложение к Решению Собрания депутатов МР «Казбековский район» от 18.09 2023 г. №4/19

# Условия проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы МО «поселок Дубки»

1. Настоящие условия проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы городского поселения (далее - Условия) устанавливают требования к кандидатам на должность главы городского поселения.

2. Право на участие в конкурсе по отбору кандидатур на должность главы ГП (далее - поселение) имеют граждане Российской Федерации, достигшие возраста 18 лет.

Граждане Российской Федерации, имеющие гражданство иностранного государства либо вид на жительство или иной документ, подтверждающий право на постоянное проживание гражданина Российской Федерации на территории иностранного государства, вправе участвовать в конкурсе, если это предусмотрено международным договором Российской Федерации.

Иностранные граждане, постоянно проживающие на территории городского поселения имеют право участвовать в конкурсе на тех же условиях, что и граждане Российской Федерации, если это предусмотрено международным договором Российской Федерации

3. Гражданин, изъявивший желание участвовать в конкурсе, представляет в конкурсную комиссию следующие документы:

1) личное заявление на участие в конкурсе с обязательством в случае избрания прекратить деятельность, несовместимую со статусом главы муниципального образования.

В заявлении указываются фамилия, имя, отчество, дата и место рождения, адрес места жительства, серия, номер и дата выдачи паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, наименование или код органа, выдавшего паспорт или документ, заменяющий паспорт гражданина, идентификационный номер налогоплательщика (при наличии), гражданство, сведения о профессиональном образовании (при наличии) с указанием организации, осуществляющей образовательную деятельность, года ее окончания и реквизитов документа об образовании и о квалификации, основное место работы или службы, занимаемая должность (в случае отсутствия основного места работы или службы - род занятий).

Если кандидат является депутатом и осуществляет свои полномочия на непостоянной основе, в заявлении должны быть указаны сведения об этом и наименование соответствующего представительного органа. Кандидат вправе указать в заявлении свою принадлежность к политической партии либо не более чем к одному иному общественному объединению и свой статус в этой политической партии, этом общественном объединении при условии представления вместе с заявлением документа, подтверждающего указанные сведения и подписанного уполномоченным лицом политической партии, иного общественного объединения либо уполномоченным лицом соответствующего структурного подразделения политической партии, иного общественного объединения. Если у кандидата имелась или имеется судимость, в заявлении указываются сведения о судимости кандидата, а если судимость снята или погашена, - также сведения о дате снятия или погашения судимости.

2) к заявлению, предусмотренному подпунктом 1 пункта 3 настоящих Условий, прилагаются:

копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина;

копии документов, подтверждающих указанные в заявлении сведения об образовании, основном месте работы или службы, о занимаемой должности (роде занятий), а также о том, что кандидат является депутатом

3) сведения о размере и об источниках доходов кандидата, а также об имуществе, принадлежащем кандидату на праве собственности (в том числе совместной собственности), о вкладах в банках, ценных бумагах. Указанные сведения представляются по форме согласно приложению 2 к настоящим Условиям;

4) сведения о принадлежащем кандидату, его супруге(у) и несовершеннолетним детям недвижимом имуществе, находящемся за пределами территории Российской Федерации, об источниках получения средств, за счет которых приобретено указанное имущество, об обязательствах имущественного характера за пределами территории Российской Федерации кандидата, а также сведения о таких обязательствах его супруги(а) и несовершеннолетних детей;

5) сведения о своих расходах, а также о расходах своей супруги(а) и несовершеннолетних детей по каждой сделке по приобретению земельного участка, другого объекта недвижимости, транспортного средства, ценных бумаг, акций (долей участия, паев в уставных (складочных) капиталах организаций), совершенных в течение последних трех лет, если сумма сделки превышает общий доход кандидата и его супруги(а) за три последних года, предшествующих совершению сделки, и об источниках получения средств, за счет которых совершена сделка;

6) письменное уведомление о том, что он не имеет счетов (вкладов), не хранит наличные денежные средства и ценности в иностранных банках, расположенных за пределами территории Российской Федерации, не владеет и (или) не пользуется иностранными финансовыми инструментами;

7) согласие на обработку персональных данных.

4. Документы, указанные в подпунктах 4 и 5 пункта 3 настоящих Условий, представляются в конкурсную комиссию по форме, предусмотренной Указом Президента Российской Федерации от 6 июня 2013 года № 546.

5. Кандидат на должность главы сельского поселения обязан к моменту представления документов в конкурсную комиссию, закрыть счета (вклады), прекратить хранение наличных денежных средств и ценностей в иностранных банках, расположенных за пределами территории Российской Федерации, и (или) осуществить отчуждение иностранных финансовых инструментов.

6. Документы, указанные в пункте 3 настоящих Условий, кандидаты обязаны представить лично. Указанные документы могут быть представлены по просьбе кандидата иными лицами в случаях, если кандидат болен, содержится в местах содержания под стражей подозреваемых и обвиняемых (при этом подлинность подписи кандидата на документах в письменной форме должна быть удостоверена нотариально либо администрацией стационарного лечебно-профилактического учреждения, в котором кандидат находится на излечении, администрацией учреждения, в котором содержатся под стражей подозреваемые и обвиняемые).

7. Заявление, указанное в подпункте 1 пункта 3 настоящих Условий, и прилагаемые к нему документы принимаются конкурсной комиссией при предъявлении паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина (если в соответствии с пунктом 6 настоящих Условий уведомление осуществляется другим лицом, - при предъявлении нотариально удостоверенной копии паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, удостоверяющего личность кандидата). Копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, заверяется подписью лица, принявшего заявление, и прилагается к заявлению.

8. Конкурсная комиссия выдает кандидату письменное подтверждение получения документов, представленных в соответствии с настоящими Условиями, незамедлительно после их представления с указанием даты и времени их приема по форме согласно приложению 3 к настоящим Условиям;

9. По желанию гражданина им могут быть представлены документы о дополнительном профессиональном образовании, о присвоении ученой степени, ученого звания, о награждении наградами и присвоении почётных званий и иные документы, характеризующие его личность и профессиональную подготовку.

10. Прием документов для участия в конкурсе, указанных в пункте 3 настоящих Условий, осуществляется в сроки, установленные решением Собрания депутатов об объявлении конкурса.

11. Сведения, представленные гражданином для участия в конкурсе, по решению конкурсной комиссии подлежат проверке в установленном законодательством Российской Федерации порядке.

12. Несвоевременное и неполное представление документов является основанием для отказа гражданину в приеме документов для участия в конкурсе.

13. На основании представленных документов конкурсная комиссия принимает решение о допуске гражданина либо об отказе в допуске к участию в конкурсе.

14. Гражданин не допускается к участию в конкурсе при наличии следующих обстоятельств:

1) отсутствие у кандидата пассивного избирательного права;

2) несоблюдение кандидатом требований, установленных пунктом 5 настоящих Условий;

3) непредставление в конкурсную комиссию перечня документов, предусмотренных настоящими Условиями;

4) наличие среди документов, представленных в конкурсную комиссию, документов, оформленных с нарушением требований настоящих Условий;

5) отсутствие каких-либо сведений, предусмотренных подпунктами 1,3,4 и 5 пункта 3 настоящих Условий;

6) сокрытие кандидатом сведений о судимости, которые должны быть представлены в соответствии с настоящими Условиями.

7) наличие в отношении гражданина Российской Федерации вступившего в силу решения суда о лишении его права занимать муниципальные должности в течение определенного срока, если конкурс состоится до истечения указанного срока;

8) прекращения гражданства Российской Федерации, прекращения гражданства иностранного государства - участника международного договора Российской Федерации, в соответствии с которым иностранный гражданин имеет право избираться главой муниципального образования, приобретения им гражданства иностранного государства либо получения им вида на жительство или иного документа, подтверждающего право на постоянное проживание гражданина Российской Федерации на территории иностранного государства, не являющегося участником международного договора Российской Федерации, в соответствии с которым гражданин Российской Федерации, имеющий гражданство иностранного государства, имеет право избираться главой сельского поселения

9) наличия гражданства иностранного государства (иностранных государств), за исключением случаев, когда кандидат на должность главы муниципального образования является гражданином иностранного государства-участника международного договора Российской Федерации, в соответствии с которым иностранный гражданин имеет право избираться главой муниципального образования;

10) представления подложных документов или заведомо ложных сведений;

11) непредставления или представления заведомо недостоверных или неполных сведений, предусмотренных подпунктами 3-5 пункта 3 настоящих Условий.

15. К участию в конкурсе не допускаются также граждане:

1) осужденные к лишению свободы за совершение тяжких и (или) особо тяжких преступлений и имеющие на день проведения конкурса неснятую и непогашенную судимость за указанные преступления;

2) осужденные к лишению свободы за совершение тяжких преступлений, судимость которых снята или погашена, - до истечения десяти лет со дня снятия или погашения судимости;

***(продолжение на 4-ой странице)***

*(Начало на 3-ей странице)*

3) осужденные к лишению свободы за совершение особо тяжких преступлений, судимость которых снята или погашена - до истечения пятнадцати лет со дня снятия или погашения судимости;

4) осужденные за совершение преступлений экстремистской направленности, предусмотренных Уголовным кодексом Российской Федерации, и имеющие на день проведения конкурса на выборах неснятую и непогашенную судимость за указанные преступления, если на таких лиц не распространяется действие подпунк- тов 2 и 3 настоящей пункта;

5) подвергнутые административному наказанию за совершение административных правонарушений, предусмотренных статьями 20.3 и 20.29 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях, если конкурс состоится до окончания срока, в течение которого лицо считается подвергнутым административному наказанию;

6) признанные судом недееспособными или содержащиеся в местах лишения свободы по приговору суда;

16. Гражданин Российской Федерации, отрешенный от должности главы муниципального образования главой Республики Дагестан, не допускается к участию в конкурсе, назначенном в связи с указанными обстоятельствами.

17. Если деяние, за совершение которого был осужден гражданин, в соответствии с новым уголовным законом не признается тяжким или особо тяжким преступ- лением, действие ограничений, предусмотренных подпунктами 2 и 3 пункта 15 настоящих Условий, прекращается со дня вступления в силу этого уголовного закона.

18. Если тяжкое преступление, за совершение которого был осужден гражданин, в соответствии с новым уголовным законом признается особо тяжким преступ- лением или если особо тяжкое преступление, за совершение которого был осужден гражданин, в соответствии с новым уголовным законом признается тяжким преступлением, ограничения, предусмотренные подпунктами 2 и 3 пункта 15 настоящих Условий, действуют до истечения десяти лет со дня снятия или погашения судимости.

19. Список граждан, допущенных к участию в конкурсе, утверждается решением конкурсной комиссии на заседании конкурсной комиссии.

20. Конкурсная комиссия уведомляет в письменной форме о принятом решении граждан, не допущенных к участию в конкурсе, с указанием причин отказа в допуске к участию в конкурсе, в срок не позднее 5 рабочих дней со дня принятия решения.

21. Гражданин, не допущенный к участию в конкурсе, вправе обжаловать решение конкурсной комиссии об отказе ему в допуске к участию в конкурсе в соответствии с законодательством Российской Федерации.

## Самовольное подключение к сетям газоснабжения-уголовно наказуемо

Газ – это ресурс, представленный источником высокой опасности, поэтому все действия, выполняемые с разным газовым оборудованием, должны совершаться исключительно опытными профессионалами. Сюда относится не только подключение к газовым сетям, но и даже монтаж или демонтаж газовой плиты. Владельцы частных домов желают экономить на коммунальных услугах, для чего предпочитают самостоятельно подключаться к газовой магистрали, поэтому не составляется договор с газовой службой. В этом случае назначается штраф за незаконную врезку газа, причем такая мера наказания применяется при подключении к газовым сетям без заключения договора с поставщиком газа. Часто такие нарушения встречаются при газификации частного дома. Штраф за самовольное подключение газа и другие действия, связанные с газовым оборудованием и являющиеся нарушением законодательства, назначается в достаточно значительном размере.

В случае выявления случаев самовольного подключения газоиспользующего оборудования нарушители привлекаются к административной и уголовной ответственности. Виновному в совершении административного правонарушения по ст. 7.19 КоАП РФ назначается наказание в виде административного штрафа. В случае квалификации хищения газа как уголовного деяния, виновное лицо может быть привлечено к уголовной ответственности по ст. 158 УК РФ, которая предусматривает наказание от штрафа свыше 100 000 рублей до лишения свободы на срок до 6 лет. Доначисление платы за газ в этом случае будет произведено исходя из объемов газа, рассчитанных как произведение мощности несанкционированно подключенного оборудования и его круглосуточной работы за период начиная с даты осуществления несанкционированного подключения.

Напомним также, что в августе 2018 года вступили в силу изменения в ст. 215.3 Уголовного кодекса Российской Федерации, которыми вводится уголовная ответственность за повторные самовольные подключения к газопроводам. Так лицу, ранее подвергнутому административному наказанию по ст. 7.19 Кодекса об административных правонарушениях Российской Федерации, грозит штраф в размере до 80 тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода виновного за период до 6 месяцев, либо обязательные работы на срок до 360 часов, либо исправительные работы на срок до 1 года, либо ограничение свободы на срок до 2 лет, либо принудительные работы на срок до 2 лет, либо лишение свободы на срок до 2 лет.

Если же в результате самовольного подключения к газопроводу произошла авария, повлекшая за собой смерть человека или иные тяжкие последствия, виновнику грозят принудительные работы на срок до 5 лет или лишение свободы на срок до 8 лет. Если помимо самовольного подключения к газопроводу выявляется факт хищения газа из него, то такие деяния квалифицируются по совокупности преступлений, предусмотренных п. «б» ч.3 ст.158 УК РФ и ст. 215.5 УК РФ.

## Хочешь газ - подай заявку!

Жители газифицированных населенных пунктов могут подать заявку на бесплатное подведение газа до границ своего земельного участка. Мероприятия в пределах границ земельного участка (строительство сети газопотребления, приобретение и установка газового оборудования, прибора учета газа и т.п.) заявители оплачивают сами.

При этом: газ должен использоваться для личных, семейных, домашних и иных нужд, не связанных с предпринимательской деятельностью.

Подать заявку на догазификацию можно:

в клиентских, центрах газораспределительных организаций;

на сайтах газораспределительных организаций;

офисах МФЦ;

через портал Госуслуги подробнее о программе можно прочесть на сайте компании ***ООО «Газпром. Межрегионгаз Махачкала»***

## Продолжается прием заявок на республиканские конкурсы журналистских работ АИП РД

Агентство информации и печати Республики Дагестан информирует, что продолжается прием заявок на участие сразу в трех республиканских конкурсах журналистских работ:

1. На лучший антитеррористический контент 2023 года (до 30 ноября),
2. На лучшее освещение вопросов противодействия коррупции (до 10 ноября),
3. Лучших публикаций в средствах массовой информации, освещающих вопросы правовой тематики и правовой деятельности (до 30 сентября).

Ознакомиться с дополнительной информацией о конкурсной документации можно на официальном сайте Агентства https://rd-press.ru/ в разделе *«Документы»*.




**БетІерав редактор:**
И.Б.Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГІабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхІажиев
**Набор:** М.М. ХІайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхІажиева ва З.ХІ. ХІасанова
**Фотокорреспондент:**
ГІ.ГІ. ХІамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографияльул адрес: 367032, РД, МахІачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хІадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХІакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**